



## POTE PLENT OU

Mès paske ou kontakte New York City Department of Consumer Affairs (DCA). Tanpri ranpli fòm sa a.

Ekri oswa tape repons ou yo aklè pou chak kesyon. Si yon kesyon pa konsène ou, tanpri make N/A oswa Pa Aplikab. Ou dwe bay enfòmasyon ki make avèk yon asterisk (\*).

**Voye DE (2) kopi fòm sa a ou ranpli a ak dokiman asosye yo (pa egzanzp, resi magazen, garanti, kontra, elatriye) nan DCA.**  
Pa voye orijinal dokiman yo.

NYC Department of Consumer Affairs  
Consumer Services Division  
42 Broadway, 9th Floor  
New York, NY 10004

### Èske Ou Te Kontakte Biznis lan?

DCA mande ou pou kontakte biznis lan dirèkteman nan yon premye efò pou rezoud plent ou. Lè w ap kontakte biznis lan, tanpri konsève yon rejis tout apèl telefonik ou fè yo ak kopi lèt ou voye yo. Si efò ou fè yo pou rezoud pwoblèm lan poukont ou pa genyen siksè, nou mande ou pou pote plent ou nan DCA.

**Èske ou te eseye rezoud plent ou avèk biznis lan?**

Wi  Non

Si se Non, tanpri eksplike pou ki rezon ki fè se non.

---



---



---

### Kisa Ou Vle DCA Fè?

*Tcheke YON kaz sèlman.*

**Mwen bezwen èd avèk plent mwen an. Gade padèyè pou aksyon ou mande a.**

Si ou bezwen èd, n ap kontakte ou. DCA resevwa yon trè gwo kantite plent, kidonk pran pasyans.

Si ou pa tande nou apre 45 jou, tanpri rele 311 epi mande pou yo transfere ou ba DCA pou tcheke sitiasyon plent ou. Ou dwe genyen nimewo reklamasyon ou nan men ou. W ap jwenn nan anvlòp sa a fèy "What happens to your complaint?" (Sa ki pase nan plent ou?) pou plis enfòmasyon.

**Mwen pa bezwen èd avèk plent mwen an. Men, mwen vle pou biznis lan mennen ankèt pou pratik malonèt biznis.**

Si ou pa bezwen èd, nou p ap kontakte ou, men n ap itilize enfòmasyon ou bay yo pou nou mennen ankèt sou pratik biznis ou rapòte a.

### Èske Plent Ou Fè kont yon Kontraktè Reparasyon Kay?

Si plent ou an se yon plent ki kont yon kontraktè reparasyon kay, tanpri reponn kesyon sa yo. Pou pote plent nan DCA, tanpri sonje ou dwe ap viv nan kay ki konsène plent ou. Answit, adrès kay la dwe nan vil Nouyòk. Nou pa kapab ede ou avèk plent konsènan nouvo konstwiksyon kay.

1. Èske travay te fèt sou yon:

- Kay pou yon sèl fanmi oswa de (2) fanmi  
 Konstwiksyon kay ou posede kòm yon moun ki genyen kat (4) inite oswa mwens  
 Kowòp oswa kondominyòm ou posede

2. Èske kontraktè a ap travay nan kay la pou kounye a?

Wi  Non

3. Èske ou te dwe sòti nan kay la akòz travay kontraktè a ap fè?

Wi  Non

4. Èske kontraktè a te ofri ou yon prè oswa èske li te fè aranjman yon prè pou ou jwenn?

Wi  Non

5. Èske kontraktè a genyen yon dwa retansyon kont kay ou?

Wi  Non

6. Èske ou genyen yon kontra ekri?

Wi  Non

7. Èske adrès travay la diferan avèk adrès lakay ou?

Wi  Non

8. Èske kontraktè a te bay yon garanti ekri pou ou?

Wi  Non

